Апостол Иоанны дыккаг фыстæг

1 Хистæрæй – æвзæрст æхсинмæ æмæ йæ сывæллæттæм, æрмæст æз нæ, фæлæ æцæгад базонджытæ сеппæт дæр зæрдиагæй кæй уарзынц, уыдонмæ.

2 Нæ уарзтæн йæ бындур у, нæ зæрдæты чи ис æмæ мыггагмæ немæ чи уыдзæн, уыцы æцæгад.

3 Фыд-Хуыцауы æмæ Йæ Фырт Йесо Чырыстийы хорзæх, арфæ æмæ фарн уыдзысты немæ – æцæгадæй æмæ уарзтæй хайджынтимæ.

4 Фыд нын куыд бафæдзæхста, афтæ дæ сывæллæттæй иуæй-иутæ æцæгадмæ гæсгæ кæй цæрынц, уый куы базыдтон, уæд тынг бацин кодтон.

5 Æмæ ныр, æхсин, дæуæй курын – дæумæ ног фæдзæхст нæ фыссын, фæлæ нæм райдианæй чи ис, уыцы фæдзæхст: уарзæм кæрæдзи.

6 Уарзын та афтæ амоны, æмæ мах хъуамæ цæрæм Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ. Райдианæй кæй фехъуыстат, уыцы фæдзæхст ахæм у: цæрут уарзондзинадмæ гæсгæ.

7 Уымæн æмæ дунейы фæзынди, Йесо Чырысти адæймаджы буары не ’рцыд, зæгъгæ, чи дзуры, бирæ ахæм фæливджытæ: ахæм адæймаг у фæливæг æмæ Чырыстийы ныхмæлæууæг.

8 Кæсут уæхимæ, цæуыл фæкуыстам, уый куыд нæ фесафат, фæлæ уæ мызд æххæстæй куыд райсат, афтæ.

9 Чырыстийы ахуырадмæ гæсгæ чидæриддæр нæ цæры æмæ æндæр фæндагыл цæуы, уымæн хай нæй Хуыцауæй; уыцы ахуырадмæ гæсгæ чи цæры, уымæн та хай ис Фыдæй дæр æмæ Фыртæй дæр.

10 Чи уæм æрцæуы æмæ уæм уыцы ахуырад йемæ чи не ’рхæссы, уый уæ хæдзармæ ма уадзут æмæ йын «æгасцуай» ма дзурут.

11 Уымæн æмæ йын «æгасцуай» чи зæгъа, уый йын йæ хæрам хъуыддæгты сваййы цæдисæмбал.

12 Бирæ цæйдæрты тыххæй уæм ныффыссин, фæлæ мæ милдонæй гæххæттыл фыссын нæ фæнды. Мæ зæрдæ дарын сымахмæ æрцæуыныл æмæ лæгæй-лæгмæ фæныхас кæныныл, нæ цинæн кæрон куыд нæ уа, афтæ.

13 Салам дын дæттынц, Хуыцау кæй сæвзæрста, дæ уыцы хойы сывæллæттæ.

---

[2] Ин. 14:17. [5] Ин. 13:34; 1 Ин. 3:11. [6] Ин. 14:15; 1 Ин. 2:5. [7] 1 Ин. 4:1. [10] Ром. 16:17; 1 Кор. 5:11; Тит. 3:10. [12] 1 Ин. 1:4.